

Kesyon Moun Poze Souvan Sou Lawoujòl

Kisa lawoujòl ye?

Lawoujòl kontajye anpil epi li ka lakoz maladi ki grav. Se yon viris ki lakoz lawoujòl epi li ka pwopaje byen fasil lè yon moun ki enfekte respire, touse oswa estènen. Lawoujòl pwopaje sitèlman fasil ke tout moun ki ekspoze epi ki pa gen iminite (swa paske yo te pran vaksen an oswa yo te genyen lawoujòl nan pase) gen anpil posiblite pou trape l.



Kisa sentòm lawoujòl yo ye?

- Lafyèv
- Nen k ap koule
- Tous
- Konjonktivite (je wouj, je k ap koule dlo)
- Gratèl leve sou tout kò a

Moun ka pwopaje lawoujòl anvan yo montre sentòm yo. Sentòm yo jeneralman dire 7-10 jou.



Kijan yo prevni lawoujòl?

Vaksen kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl (MMR) la gen anpil sekirite, li efikas epi li se pi bon pwoteksyon kont lawoujòl. De dòz nan vaksen MMR lan apeprè 97% efikas pou prevni lawoujòl. Yon dòz apeprè 93% efikas.

Genyen epidemi lawoujòl Ozetazini epi aletranje.

Yo te dyagnostike resaman jèn timoun ki pa vaksinen yo nan Columbus -- premye ka lawoujòl ki konfime ak epidemi nan kominote nou an pandan plis pase 20 lane. Ou ka pwoteje fanmi w avèk vaksen kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl la (MMR). Tout moun ki vwayaje nan lòt peyi, ki gen ladan tibebe 6-11 mwa, ta dwe ajou avèk MMR.

Kijan yo trete lawoujòl?

Pa genyen okenn trètman pou lawoujòl. Medikaman san preskripsyon yo ka ede soulaje lafyèv la. Lòt sentòm yo jeneralman disparèt nan lespas 2-3 semèn.

Kilès ki bezwen vaksen kont lawoujòl la (MMR)?

Timoun - Timoun yo ta dwe resevwa de dòz vaksen MMR a, pandan y ap kòmanse premye dòz la a 12-15 mwa epi dezyèm dòz la a 4-6 zan oswa omwen 28 jou aprè premye dòz la.

Elèv ki nan Enstitisyon Edikatif Aprè Lekòl

Segondè yo - Elèv ki nan enstitisyon edikatif aprè lekòl segondè ki pa gen prèv pwoteksyon iminite kont lawoujòl yo dwe pran de dòz nan vaksen MMR lan epi dezyèm dòz la pa dwe administre nan pa mwens pase 28 jou aprè premye dòz la.

Adilt - Moun ki te fèt nan ane 1957 oswa aprè ane sa ki pa genyen prèv pwoteksyon iminite kont lawoujòl yo ta dwe resevwa omwen yon dòz nan vaksen MMR lan.

Vwayajè Entènasyonal - Moun ki genyen laj 6 mwa oswa plis ki pral vwayaje nan lòt peyi yo ta dwe pwoteje kont lawoujòl.

Kiyès ki arisk pou fè lawoujòl?

Tout moun ki pa te vaksinen oswa ki pa te genyen lawoujòl nan pase yo arisk. Tibebe ki gen mwens pase 12 mwa yo arisk paske yo twò piti pou yo te pran vaksen an.

Ki jan pou m pwoteje tibebe m nan ki gen mwens pase 12 mwa?

Si paran oswa swanyan yo pa te pran vaksen MMR lan oswa yo pa te gen lawoujòl nan pase, yo ta dwe pran vaksen an. Li enpòtan pou asire ke moun ki bò kote nouvo tibebe ou an pa ekspoze tibebe ou an ak lawoujòl oswa ak lòt maladi (tankou koklich).

E si yon moun nan fanmi m gen lawoujòl oswa li te ekspoze ak yon moun ki gen lawoujòl?

Rele doktè, enfimyè oswa klinik ou an touswit. Anvan ou ale nan biwo founisè swen sante a, rele pou di yo ke ou menm oswa manm fanmi w petèt genyen lawoujòl. Rete lwen lòt moun jiska omwen kat jou aprè gratèl leve sou po a kòmanse oswa aprè yon tès ki pwouve ou pa genyen lawoujòl.

Kesyon Moun Poze Souvan Sou Lawoujòl

Èske moun ansent ta dwe pran vaksen kont lawoujòl la (MMR)?

Moun ki ansent yo pa ta dwe pran vaksen kont MMR lan. Moun ki ansent ki bezwen vaksen an dwe tann jiska aprè yo fin akouche. Moun yo ta dwe evite vin ansent pandan kat semèn aprè yo fin pran vaksen MMR lan.

Èske vaksen kont lawoujòl la san danje?

Rechèch yo montre ke vaksen kont lawoujòl la (MMR) san danje epi li efikas anpil. Li pi sekirize pou pran vaksen an olye ou pran nenpòt nan maladi ke vaksen an pwoteje w kont yo a.

Èske genyen efè segondè nan vaksen an?

Menm jan ak nenpòt medikaman, vaksen kont lawoujòl la (MMR) kapab lakoz efè segondè, pifò nan yo se efè segondè ki lejè:

- Doulè nan sit enjeksyon an
- Lafyè
- Lejè gratèl leve sou po
- Glann anfle nan bò figi oswa nan kou

Èske vaksen kont MMR lan lakoz otis?

Vaksen yo pa lakoz otis. An reyalyte, etid yo montre ke pa gen okenn lyen ant resevwa vaksen yo ak devlope otis. Syantifik yo te etidye vaksen MMR yo avèk anpil swen epi pa gen okenn etid ki te jwenn yon lyen ant otis ak vaksen MMR lan.

Èske mwen vrèman bezwen yon vaksen rapèl?

Si ou te pran de dòz nan vaksen kont MMR lan, ou pa bezwen yon dòz rapèl. Si ou pa sèten si ou te pran vaksen an, pale avèk founisè swen sante ou an.

Ki kote mwen ka pran vaksen kont lawoujòl la?

Founisè swen sante ou an

Columbus Public Health

(614) 645-8180

Franklin County Public Health

(614) 525-3719

Heart of Ohio Family Health Centers

(614) 235-5555

Lower Lights Christian Health Center

(614) 274-1455

Lutheran Social Services (Faith Mission Health Center)

(614) 224-6617

Nationwide Children's Hospital Primary Care Centers

(614) 722-6200

PrimaryOne Health Centers

(614) 645-5500

Southeast Healthcare Services

(614) 225-0990

Yon famasi an detay oswa yon klinik swen ki tou pre

(pa egzanp Walmart, CVS, elatriye.)

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou lawoujòl?

Columbus Public Health

columbus.gov/measles

Franklin County Public Health

myfcph.org/measles

Ohio Department of Health

odh.ohio.gov/know-our-programs/Vaccine-Preventable-Diseases/resources/Measles

Centers for Disease Control and Prevention

cdc.gov/measles

